

Anons Sèvis Piblik

Elimine Grès

Grès sal nan sistèm egou yo se yon pwoblèm ki koute otorite lavil la anpil pou netwaye chak ane. Grès ki lage nan egou, bouche tiyo yo. Refoulman tiyo bouche yo ka fè dlo sal remonte nan kay ak sou tè yo, sa ka kreye danje pou sante piblik. Pou evite egou yo bouche, otorite lavil la, detanzantan, netwaye gwo kanal yo ak ekipman espesyal. Plizyè milyon dola ta kapab ekonomize chak ane si mèt kay yo ak mèt komès yo te swiv kèk prensip senp pou kontwole grès yo depi nan sous.

PWOPRIYETE KAY MOUN:

Pifò nan grès ki antre nan sistèm egou nan zòn kote moun rete yo soti nan grès manje kwit. Pi bon fason pou anpeche egou refoule dlo sal, se pou evite lage grès nan evye kwizin yo. Vye grès manje dwe vide nan yon mamit ki ka kenbe chalè epi pèmèt li vin frèt. Ou ka jete grès frèt ansanm ak tout lòt fatra nan poubèl kay la. Vide dlo cho nan tiyo drenaj evye yo ka pèmèt grès la pase nan plonbri kay la, men lè grès la refwadi, anvan li rive nan manman drenaj la, oubyen egou prensipal la, li vin tounen yon bouchon. Moun ki gen sistèm fòs septik dwe aprann grès ka domaje fòs septik la tou.



Grès ki vin di andedan tiyo yo apre yon sèten tan vin fè yon bouchon



Kite lwil kwizin ak grès vin di avan ou jete yo nan fatra